



Pou Piblikasyon Imedya: 02/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PRAL PWOPOZE PWOJÈ LWA POU RETIRE PÈN KAPITAL
NAN LWA ETA A AN SOLIDARITE AK PAP FRANCIS**

***Gouvènè Cuomo: “Jodi a, an solidarite ak Pap Francis epi an onè a papa mwen,
mwen pral pwopoze pwojè lwa pou retire pèn kapital -- ak tach lèd li yo nan
istwa nou an -- nan lwa Eta a yon fwa pou tout.”***

“Nan deklare ke pèn kapital inadmisib nan tout ka yo epi nan travay pou mete fen nan pratik sa globalman, Pap Francis ap antre nan yon mond ki pi kòrèk pou nou tout. Pèn kapital la li moralman idefandab epi li pa gen plas li nan 21èm syèk lan.

Desizyon Pap Francis lan se yon validasyon pozisyon ki baze sou prensip ke papa mwen te genyen kont pèn kapital fas a sipò akablan pou pinisyon kapital. Papa mwen te mize karyè politik li sou opozisyon li a pèn kapital epi li pa’t janm fè bak, nan di li ‘rabese sila yo ki ap lite pou prezève lavi ak dinyite imèn’.

Antan ke Gouvènè, Mario Cuomo te vote kont pwojè lwa ki ap reyentegre pèn kapital la 12 fwa nan 12 ane. Li te fè sa paske li te kwè ke pèn kapital te yon bagay ki pa kòrèk epi li te gen kouraj kanpe fèm nan kwayans li yo -- tèlman sa ke li te pare pou pèdi fonksyon li olye pou li kapitile. Pop te gen rezon lè sa, e li gen rezon kounye a.

Yo te reyentegre pèn kapital nan New York sou administrasyon Pataki a men li te bloke pa tribinal yo an 2004. Nan dènye ane li yo, papa mwen te kontinye defann eliminasyon lwa a nan achiv yo, lè li te rele li yon ‘[tach sou konsyans nou](#)’. Jodi a, an solidarite ak Pap Francis epi an onè a papa mwen, mwen pral pwopoze pwojè lwa pou retire pèn kapital -- ak tach lèd li yo nan istwa nou an -- nan lwa Eta a yon fwa pou tout”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)